



Edikasyon Sou Nitrisyon

Vèsyon 12/2022



MannaPack® Pòmdetè-D

FEED MY
STARVING
CHILDREN



Vèsyon 12/2022

Edikasyon Sou Nitrisyon

AVI:

ITILIZE PWODUI SA SELMAN KÒM YON PATI NAN REJIM POU EDE KONTWOLE SENTOM DYARE YO.
PWODUI SA SE PA YON TRETMAN MEDIKAL POU SA KI KOZE DYARE YO.
YON DYARE KI PÈSISTAN KA YON MENAS POU LAVI E SA MANDE TRETAN MEDIKAL POU KÒZ LA.

KONESANS POU FOMASYON FOMATE YO:

Selon Òganizasyon Mondyal Lasante, maladi dyare se dezyèm koz prensipal lanmò timoun ki nan laj ki pi piti ke 5 lane avèk prèske 1.7 milya ka chak ane. Yon gwo pati nan pwoblèm saa ka prevni a travè apwovizyonman dlo potab, bon jan asenisman ak pratik liyèn. Dyare kay timoun debouche byen vit sou malnitrison akoz tout likid ak eleman nitritif ke yo pèdi nan dyare a.

Òganizasyon Mondyal Lasante defini dyare tankou "lè ou bay yon twalèt ki lach oubyen ki pi dlo ke jan sa konn ye nòmalman pou yon moun pandan 3 fwa ou plis nan yon jounen". Definisyon saa pa fòseman aplike pou timoun ki nan tete yo ki konn souvan fè yon poupou ki lach oswa ki lakòl. Dyare se yon sentom komen enfeksyon nan trip ki ka simaye a travè dlo oswa manje ki kontamine oswa de moun a moun lè kondisyon liyèn yo pa respekte.

Prevansyon kont dyare genyen ladan l itilizasyon dlo potab, bon jan asenisman ak lavaj men.

Yon priyorite nan tretman dyare se reydratasyon. Yo itilize sewòm oral pou remete likid nan kò a. Yo gen ladan yo yon melanj dlo pwòp, sik ak sèl. Òganizasyon Mondyal Lasante rekòmande tou pou ajoute "Zen" pou ka redui dire dyare a e amelyore jan pou moun yo reprann yo. Yon pati nan jan pou yon moun retabli mande pou moun lan rasire l ke l kontinye manje manje ki gen anpil nitrisyon, e gen ladan l tou lèt manman pou ti bebe yo.

MannaPack® Pòmdetè-D te fèt pou l mache selon rekòmandasyon Òganizasyon Mondyal Lasante yo epi yo prevwa itilize l tou pandan reydratasyon pou redui sentòm dyare a yo. Li baze toupi sou gid sou zafè rejim (sa pou moun manje) ke pwofesyonèl lasante yo konn bay pou ka redui e kontwole dyare. Li gen ladan l pòmdetè seche ak pwoteyin soja (yon pwa ki byen fèmante) pou redui pèt likid yo, ansanm avèk zen ki ajoute a ak lòt vitamin ak mineral ki pèdi pandan dyare a.

ATANSYON: MannaPack® Pòmdetè-D dwe konsidere tankou yon manje terapeutik siplemantè ke moun dwe itilize sèlman nan ka dyare. MannaPack® Pòmdetè-D se pa yon manje siplemantè ki jeneral e moun ki pa gen dyare nan moman an pa dwe manje paske li ka lakoz konstipasyon ak malèz pou timoun ak granmoun ki pa gen dyare. A nenpòt moman ke sentom dyare a tonbe, yo pa dwe kontinye ap itilize MannaPack® Pòmdetè-D.

Referans : Òganizasyon Mondyal la sante. "Diarrhoeal disease". Me 2017. Disponib sou <https://www.who.int/news-room/fact-sheets/detail/diarrhoeal-disease>

Resous: Òganizasyon Mondyal la sante. The Management and prevention of Diarrhoea: practical Guidelines.1993. Disponib sou: https://apps.who.int/iris/bitstream/handle/10665/37036/9241544546_eng.pdf

Kilè pou yo itilize MannaPack® Pòmdetè-D

KONSÈP:

Dyare se lè ou bay yon twalèt ki lach oubyen ki pi dlo ke jan sa konn ye nòmalman pou yon moun pandan 3 fwa ou plis nan yon jounen. Dyare ka lakoz dezidratasyon. Move dyare tankou kolera, ka lakoz gwo pèt nitrisyon ak dezidratasyon ki ka lakoz lanmò. Prevansyon ak tretman se yo ki pi enpòtan kay timoun ki pa gen anpil kantite dlo ak nitrisyon nan kò yo.

Pandan ke li enpòtan pou trete koz dyare a, tankou founi medikaman pou enfeksyon nan trip yo, li ijan pou trete sentòm dyare a pou ka bay tan pou tre man medikal yo mache e pou moun yo reprann yo.

Tretman sentomatik ki pi enpòtan an se diminye dyare a epi retabli pèt likid ak nitrisyon yo. Tretman ki pi enpòtan se pou remete likid yo nan kò, ki gen ladan l apwovizyonman dlo ki potab e pwòp avèk kèk eleman nitritif ki pèdi pandan dyare a. Sewòm oral kapab fèt ak dlo pwòp e ki potab, sik ak sèl. Pou fè sewòm oral lakay nou, nou ka delye 6 ti kiyè sik, on ti demi kiyè sèl nan yon lit dlo ki pwòp e potab.

Dokiman ki gen konsiy ke Sant pou kontwole maladi nan Etazini (1) ak Òganizasyon Mondyal la sante bay sigjere ke moun yo dwe kontinye manje e yo pa dwe gen restriksyon. Kèk konsèy dyjetetik tipik pale de manje manje ki fasil pou dijere, tankou diri ak pòmdetè. Li enpòtan pou kontinye pran ase pwoteyin, tankou vyann, vyann bèt volay yo, pwason, ak/oswa soja (yon sòt de pwa prepare). Epitou, li enpòtan pou remete nan kò a vitamin ak mineral ki ka te pèdi pandan dyare a. yon moun ki gen dyare dwe kontinye manje pou anpeche dyare a vin pi mal lè kò a pa gen ase manje.

- 1.- CDC. Managing acute gastroenteritis among children : oral rehydration, maintenance, and nutritional therapy. MMWR.2003. <https://www.cdc.gov/mmwr/pdf/rr/rr5216.pdf>
- 2.- OMS. Factsheet : Diarrhoeal disease 2017. <https://www.who.int/news-room/fact-sheets/detail/diarrhoeal-disease>

MannaPack® Pòmdetè-D kapab prepare e distribiye pa tikal pou ede kontwole sentom dyare yo pou soulajman tanporè e pou l ka ralanti pèt likid ak eleman nitritif pandan yap bay tretman pou koz dyare a.

GID POU FÒMATÈ:

Kisa w wè nan imaj saa yo?

Repons yo ka:

- Dyare ka lakoz dezidratasyon (lè w pèdi likid) epi pèt nitrisyon. Sewòm oral kapab fèt lakay ou ak dlo ki pwòp e trete, sik ak sèl.
- Moun ki gen dyare dwe kontinye manje.
- MannaPack® Pòmdetè-D ka prepare pou ede nan jesyon rejim pou sentom dyare yo.